ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ПРЕЗИДИУМЫНЫҢ ҚАРАРЫ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ПРЕЗИДИУМИНИНГ ҚАРОРИ

Қарақалпақстан Республикасында 2022-жыл ушын юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкаларының коэффициентлерин белгилеў ҳаққында

2022-жылда жергиликли бюджет прогнозларының орынланыўының турақлылығын ҳәм дәраматларының асырылыўын тәмийинлеў мақсетинде қала ҳәм районлар бойынша юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкаларына кемейттириўши коэффициентлерди қоллаў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2021-жыл 31-январьдағы 01-12/9-01/40-санлы усыныс хатын инабатқа алып, Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 412-статьясына ҳәм «Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 8-статьясы 19-бәнтине муўапық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Президиумы

ҚАРАР ЕТЕДИ:

1. Өзбекстан Республикасы Салық кодексиниң 412-статьясына муўапық 2022-жылы юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын белгиленген базалық салық ставкасы Нөкис қаласында 1,5 млн сўм, районларда 1,0 млн сўм муғдарында белгиленгенлиги, сондай-ақ, усы базалық ставкаларға 0,5 ке шекем кемейттириўши коэффициентлерин қолланыў бойынша Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесине ўәкиллик берилгенлиги мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен усынылған 2022-жылы қала ҳәм районларда юридиклық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салықты есаплап шығарыў мақсетинде, көшпес мүлкке болған ҳуқықларын мәмлекетлик дизимнен өткериўши органларда дизимнен өтиўи белгиленген имарат ҳәм қурылмалардың 1 кв.метри ушын қатаң белгиленген минимал баҳаларын белгилеў бойынша қолланылатуғын коэффициентлер қала, районлар кесимиде қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик салық басқармасына (Х.Бекчанов)

- қала ҳәм районларда юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкаларының дурыс қолланылыўы бойынша тураклы қадағалаў;

- Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси тәрепинен 2022-жыл ушын белгиленген юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкалары менен салық төлеўшилерин өз ўақтында хабарландырыў ҳәм салықлардың белгиленген мүддетлерде өндирилип барылыўын тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Усы қарар Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң гезектеги сессиясына тастыйықлаў ушын усынылсын.

5. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы Қ.Сариевқа ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баслығының орынбасары А.Давлетовқа жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы **М.Камалов**

Нөкис қаласы 25-февраль 2022-жыл
№ 604

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси Президумының
2022-жыл 25-февральдағы
604-санлы қарарына
қосымша

2022-жылы қала ҳәм районларда юридиклық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салықты есаплап шығарыў мақсетинде, көшпес мүлкке болған ҳуқуқларын мәмлекетлик дизимнен өткериўши органларда дизимнен өтиўи белгиленген имәрат ҳәм қурылмалардың 1 кв.метри ушын қатаң белгиленген минимал баҳаларын белгилеў бойынша қолланылатуғын коэффициентлер

мың сўмда

№	Қала ҳәм районлар	2022 жылда белгиленген базалық салық ставкасы	Белгиленген коэффициент муғдары	2022-жыл ушын юридикалық шахслардың мал-мүлкине салынатуғын салық ставкасы
1.	Нөкис қаласы	1500,0	1,00	1500,0
2.	Әмиўдәрья районы	1000,0	0,85	850,0
3.	Беруний районы	1000,0	0,80	800,0
4.	Бозатаў районы	1000,0	0,50	500,0
5.	Кегейли районы	1000,0	0,60	600,0
6.	Қанлыкөл районы	1000,0	0,50	500,0
7.	Қараөзек районы	1000,0	0,50	500,0
8.	Қоңырат районы	1000,0	0,50	500,0
9.	Мойнақ районы	1000,0	0,50	500,0
10.	Нөкис районы	1000,0	0,80	800,0
11.	Тақыятас районы	1000,0	0,60	600,0
12.	Тахтакөпир районы	1000,0	0,50	500,0
13.	Төрткүл районы	1000,0	0,90	900,0
14.	Хожели районы	1000,0	0,90	900,0
15.	Шоманай районы	1000,0	0,50	500,0
16.	Шымбай районы	1000,0	0,85	850,0
17.	Елликқала районы	1000,0	0,85	850,0